

Mande pou nou pa non nou!
Anplwaye PIC Yo
ak lanj nou pale a

Regina Bertholdo - Direktè x 6960
Anglè, Pòtigè ak Panyòl

Aida Corredor - Paran Lyezon
x 6961 Anglè, Panyòl ak Pòtigè

Marjorie Alexandre – Paran Lyezon x
6963 Anglè, Kreyòl ak Fransè

Herenia Hernandez – Paran Lyezon x
6703 Anglè, Panyòl ak Pòtigè

Simone Braga - Paran Lyezon
x 6964 Anglè, Pòtigè ak Panyòl

Evelyn Scheri – Sekretè x 6962
Anglè

Marlene Bartlett, RN - Enfimyè PIC x
6967 Anglè

Dr. Frank DiChiappari
Anplwaye Reskonsab Plasman
Elev yo. X6030
Anglè, Italyen

Si w'ap chache plis enfòmasyon?

- Paran Lyezon yo ap la pou reponn nenpòt keksyon nou genyen sou lekòl yo, sou ki kalite pwogram ak resous nou genyen nan kominote a.
- Asosiyasyon Paran/Pwofesè nan chak lekòl yo, yo organize aktivite espesyal pou elèv yo ak fanmi yo. Mande pwofesè pitit ou a oubyen direktè a pou patisipe.
- Yon Gid Paran/Gadyen - an Anglè, Espayòl, Pòtigè ak Kreyòl - ap baou tout enfòmasyon ak pwosedi sou lwa lekòl yo.

Revize: 10/08

Gen Lòt Resous nan
Lekòl Piblik Somerville Yo
(617) 625-6600

Konpoze ekstansyon espesifik nimewo
ki make anba yo.

Sal Resous pou Paran /Gwoup jwe disponib
pou tout fanmi
Lekòl Kennedy x6608
Lekòl Albert F. Argenziano x6680

ELL Sant Byenveni nan Lekòl Segondè
Somerville la
Disponib a 8:00 AM—4:00 PM Lendi a Vandredi
nan 81 Highland Avenue x6174

Pwogram Aprè Lekòl nan tout lekòl prime yo
x6970 (Somerville Community Schools)

Klas Anglè pou Adilt
x6900 (Somerville Center for Adult Learning
Experiences) Sant Adilt nan Somerville pou Kontinye Esperyans pou Aprann.
Adult Learning and High School Diploma
Alternatives (Diplòm Altènativ Lekòl Segondè
ak Adilt
x6900 (SCALE -Sant Adilt nan Somerville pou Kontinye Esperyans pou Aprann.

Somerville Family Network (SFN)
x6990 (visit lakay, piblisite pou fanmi, gwoup jwe ak lòt klas edikasyon pou fanmi ak tibebe 4an)

Konprann Edikasyon Espesyal
x6812 (Debby Higgins ak Eddikasyon Espesyal

Vizite site entènèt nou an!
Tape www.somerville.k12.ma.us
and click on “Register for School”

Enskri timoun ou yo nan
Lekòl Piblik Somerville yo

Sant Enfòmasyon Paran an (PIC)



42 Prescott Street
Somerville, MA 02143
(617) 625-6600 x6962
Fax: (617) 776-6691

We speak English
Hablamos Español
Falamos Português
Nou Pale Creole
On Parle Français

Lè nou Travay

Lendi - Jedi 8: 00 AM - 4:00 PM
Vandredi - 10:00 AM - 4:00 PM
Enfimyè nan PIC - Lendi pou jiska Vandredi
8:11 AM - 2:30 PM
Lè Ete a: Lendi - Vandredi 8:00 AM - 3:30 PM

Se youn nan rezon yo nome Lekòl Somerville yo 100èm meyè
Kominote pou Jèn Moun pou2008ak 2009 la.



Preskolè — klas12

Pwosesis Enskripsyon Elèv yo

Yo mande Paran/gadyen pou yo konplete fòm enskripsyon pou lekòl yo, ki disponib nan PIC la epi sou site entènèt la on line nan www.somerville.k12.ma.us (click on “pwogram ak lekòl” epi “enskri pou lekòl yo”). Lè ou vinn enskri nan PIC la, nou bezwen dokiman sa yo ou sipoze pote yo avèk ou yo fè pati pwosesis pou enskri a.

- **Batistè:** (prèy laj)
- **Medikal:** Yon kopi egzamen jeneral ki resan ak dokimantasyon tout vaksen yo
- **Transfè:** Si y’ap sòti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt lekòl (Klas 1jiska12) nan Massachusetts n’ap bezwen li
- **Kanè** de (klas 1 jiska 8) oubyen dokiman ofisyèl ki sòti nan lekòl eta kote ou te ye avan an ki di ou te fè klas sa yo.
- **Releve nòt ak rapò sou kondwit** pou tout elèv lekòl segondè yo
- **Plan Endividyèl Edikasyonèl resan** (pou elèv ki resevwa Sèvis Edikasyon Espesyal)
- **Verifikasyon kote ou abite nan Somerville** ki enkli ladan yon **(1) dokiman sa yo nan chak kolonn A ak Kolonn B:**

Kolonn A

Yon kopi resan
Peyman Ipotèk kay la

Yon kopi resan kontra
(enkli SHA ak
HUD Kontra **Ak**
rekòd resan peyman
Lwaye a

Fòm Afidavi rezidans
mèt kay la afime ke
Ou lwe kay nan men li
Ak yon kopi resan
Bòdwo itilite ak non mèt
Kay la sou li

Kontra Seksyon 8.

Fòm Afidavi
(wè ak Lyezon PIC yo)

Kolonn B

**Youn nan bòdwo itilite
oubyen dat ou te rele pou
yo vinn fè travay la pou
ou a pandan dènye (60
yo enkli ladann:**

Bòdwo gaz
Bòdwo lwil
Bòdwo elektrik
Bòdwo telefòn kayla
Bòdwo kab
Bòdwo Bank
Lisans resan nan MA
Registrasyon resan machin
Kat Idantifikasyon resan
nan MA ak foto ou

Avèk dat ane ki sòt pase a:

Fòm W 2
Ezsaze tax (machin)
Bòdwo tax Pwopriyete ou

Chwazi yon Lekòl

Nan pwosesis pou anwole a, fanmi yo gen dwa pou yo chwazi twa premye lekòl ke yo prefere a). Pwosè pou deside kilès lekòl ki pibon pou pitit ou a pèsonèl pou ou epi konplike. Anpil paran chwazi lekòl ki prè ak lakay yo, ou byen travay yo, oubyen aranjman pou pwogram aprè lekòl. Lòt kriterya yo enkli popilasyon lekòl la ak gwosè klas yo, ak revizyon lòt paran /gadyen yo, sou enfòmasyon sou pwogrè elèv yo.

PLASMAN ELEV YO “CONTROLLED CHOICE CRITERIA” KLAS K-8

Après ou finn remèt tout papyè anwoleman yo PIC ap òganize pou plasman lekòl yo. Tout plasman yo ap fèt apati “Controlled Choice” Lwa pou Plase Elèv yo, n’ap plase timoun yo apati preferans yo epi egal: Plasman Pwogramatik (pa eszanp, timoun edikasyon espesyal yo nou plase yo nan klas espesyal nan lekòl ki gen pwogram respektif).

Plasman preferans fanmi (frè ak sè)

Plasman preferans pi prè w

Loteri: Si preferans ou a pa sifizan pou detèmine plasman n’ap fè yon loteri pa aza pou plase timoun yo.

LIS DATANT

Paran/Gadyen elèv yo ki pa jwenn premye chwa yo a pou lekòl ou vle a mande pou yo mete l sou lis datant ranpli fòm nan pou li “Wait List Request Form” Nou gen fòm lis datant la nan PIC. Sant Enfòmasyon paran an ap fè ou konnen lè nou gen espas ki vid pou timoun ou nan premye lekòl ou te chwazi a epi kilè n’ap kòmanse Plasman nan lis datant la ap fèt apati de “Controlled Choice” ki endike preferans ak egalite.

Lis datant pou tout lekòl yo ap ekspire chak ane premye Novanm. Si gen paran ki toujou enterese pou transfere nan premye lekòl ou te chwazi a aprè dat sa-a ou sipoze refè fòm sa- a ankò pou lis datant la an avril nan PIC a pou ane pwochèn.

Tès Plasman pou elèv premye lanj yo pa Anglè

Elèv ke premye lanj yo pa Anglè sipoze pran yon tès oral ak ekri nan lang li pwofisyan an. N’ap fè yon rekòmandasyon a yon pwogram apati rezilta tès la. Paran/Gadyen gen dwa opte pou anwole nan youn nan pwogram sa yo:

- Pwogram Imèsyon Estriktire nan Anglè (SEIP),
- Unidos Two-Way Spanish-English Pwogram oubyen
- Klas Regilye

Demand pou transfere nan yon lekòl a yon lòt nan Somerville

Gen kèk okazyon paren/gadyen yo mande pou transfere pitit yo nan yon lekòl a yon lòt nan Lekòl Piblik Somerville yo. Pou nou kapab fè li, ou sipoze ranpli yon fòm transfè, ki disponib nan PIC la. Paran/gadyen ke timoun yo an tranziyon pou yo sòti nan SEIP ou sipoze konplete yon Fòm Exit SEIP siyen pa pwofesè a.

PIC ap pwosès enfòmasyon yo epi n’ap voye fè paran/gadyen konnen alekri pa lapos si l apwouve. Si yo pa apwouve transfè ou a paske nou pa gen plas disponib, n’ap mete non elèv la sou yon lis datant sèlman aprè nou resevwa fòm ou konplète a “Fòm Lis Datant la” disponib nan PIC.

Education)
Parent Advisory Council)

